


Gawea paragraf deskripsi miturut gambar iki!



Gladhen Kompetensi

Wulangan 4

enehana tandha ping (x) aksara A, B, C, utawa D ing sangarepe jawaban kang merti

vacan kanggo soal nomer 1 – 5.

Bapakne Jatmika mbingkil pit. Bingkile cilik, nanging rame. Ora merga ijenan, tanpa saingan, nanging anggone ndandani pit ora nguciwani. Titis lan tapis. Njalari para lengganan marem.

Yen sore utawa Minggu, Jatmika sok ngrewangi. Yen mung ndandani pit, Jatmika wis pinter. Jatmika lulusan SMK bageyan mesin. Ngenani mesin wis diwulang. Praktek bongkar pasang mesin ya wis digegulang. Jatmika pancen bocah sing ndregil.

1. Sapa sing duwe bingkil pit?
 - A. Jatmika
 - B. Para lengganan
 - C. Bapakne Jatmika
 - D. SMK bageyan mesin

2. Genea bingkile rame? Amarga
 - A. Ijenan
 - B. Bingkile cilik
 - C. Tanpa saingan
 - D. asile ora nguciwani
3. Kapan anggone Jatmika ngrewangi mbingkil?
 - A. Sore
 - B. Minggu
 - C. Minggu sore
 - D. Saben sore
4. Apa bakuning rembug alinea kaloro?
 - A. Ngrewangi bingkil
 - B. Bocah ndregil
 - C. Ndandani pit
 - D. Lulusan SMK
5. Apa tegese tembung tapis?
 - A. trep pener panujune
 - B. wis nrima, lega atine
 - C. kurang saka sapantese
 - D. tilit banget, ora ana sing kliwatan

Wacan iki kanggo soal nomer 6 lan 7.

Sapunika sampun dipunwastani jaman modheren utawi jaman teknologi. Pirantos tetanen sampun sarwa mesin. Among tani ing jaman rumiyin medamel mawi luku ingkang dipuntarik dening lembu. Sapunika sampun mawi traktor.

6. Pakaryan ingkang kasebut ing alinea inggih punika
A. among tani C. mesin
B. traktor D. luku
7. Rumiyin, among tani medamel mawi ..., dene sapunika sampun mawi traktor. Tembung kang trep kangge jangkepi ceceg-ceceg inggih punika
A. luku C. mesin
B. lembu D. pirantos

Wacan iki kanggo soal nomer 8-9

Majengipun teknologi dadosaken pakaryan saged katindakaken cepet. Asilipun langkung sae. Para batak ingkang mawi cithakan namung saged damel paling 100-200 batako. Sasampunipun mesin cithak, sedinten saged damel 2.000 batako.

8. Majengipun teknologi dadosaken asilipun pakaryan langkung
A. sekedhik C. awon
B. kathah D. sae
9. Pakaryan ingkang kasebut ing alinea inggih punika
A. pengrajin batako
B. cithakan batako
C. teknologi
D. mesin cithak

Wacan iki kanggo soal nomer 10-11.

Wong sukses kuwi kudu gemi. Gemi bandha uga gemi wektu. Tegese gemi kuwi ora medhit nanging setiti ngati-ati. Kabeh tumindake dipretungake. Ora nggugu karepe dhewe. Contone yen diparingi sangu ora dientekne, digunaake sacukupe, lan turahane dicelengi.

10. Bakuning rembung alinea kasebut yaiku
A. gemi C. setiti
B. sukses D. pretungan
11. Pratelan kang trep miturut wacan yaiku
A. Tegese gemi yaiku medhit
B. Yen diparingi sangu dientekne
C. Wong gemi kuwi nggugu karepe dhewe
D. Wong sukses kuwi tumindake dipretungake

Wacan iki kanggo soal nomer 12-13

"Wiwit sekolah biyen, Simbah wis biasa prihatin. Nindakake pasa Senen-Kemis kuwi biasa. Mulih sekolah banjur ngrewangi wong tuwa menyang sawah. Glidhik buruh tani ya taklakoni. Sawise Simbah lulus SPG, Simbah nglamar dadi guru. Begjane ketampa," mangkono critane Simbah marang Bima.

12. Pakaryane Simbah yaiku
A. murid C. buruh tani
B. guru D. among tani
13. Simbah wis biasa
A. glidhik buruh tani menyang sawahe wong tuwa
B. pasa saben dina senen lan dina kemis
C. pasa saka dina senen tekan kemis
D. nglamar gaweyan dadi guru

Wacan iki kanggo soal nomer 14 lan 15.

Pasar Bringharjo dumunung ing tengah kutha Ngayogyakarta. Pasar kuwi madeg taun 1758. Nalika semana, pasar isih wujud sawah kang akeh wite ringin. Taun 1925, dening Sri Sultan Hamengkubuwana IX digawe bangunan permanen.

14. Bakuning rembung alinea kasebut yaiku
A. Wit ringin
B. Pasar Bringharjo
C. Kutha Ngayogyakarta
D. Sri Sultan Hamengkubuwana IX

15. Ukara pitakon kang trep miturut wacan yaiku ...

- A. Genè ing sawah digawe bangunan permanèn?
- B. Apa wae kang didol ing Pasar Bringharjo?
- C. Sapa sing negor wit ringin ing sawah?
- D. Kapan Pasar Bringharjo madeg?

16. Gatekna pratelan iki!

- 1) Arsitek : tukang negor kayu
- 2) Bakul : tukang dodolan barang sarana cilik-cilikan
- 3) Blandhong : tukang ngrancang bangunan
- 4) Blantik : bakul rajakaya
- 5) Dhalang : tukang nglakokake wayang

Pratelan kang bener dituduhake nomer

- A. 1, 2, 3 C. 2, 4, 5
- B. 1, 3, 4 D. 3, 4, 5

16. Gatekna pratelan iki!

- 1) Arsitek : tukang negor kayu
- 2) Bakul : tukang dodolan barang sarana cilik-cilikan
- 3) Blandhong : tukang ngrancang bangunan
- 4) Blantik : bakul rajakaya
- 5) Dhalang : tukang nglakokake wayang

Pratelan kang bener dituduhake nomer

- A. 1,2,3
- B. 1,3,4
- C. 2,4,5
- D. 3,4,5

B. Isenana caceg-caceg iki!

- 1. Tukang nggambar arane
- 2. Tukang nglakokake kapal arane
- 3. Tukang nglakokake montor mabur arane
- 4. Kandhang jaran arane
- 5. Papan kanggo ngadhili wong luput arane
- 6. Panggonane tantara arane

17. Gatekna pratolan iki!

- 1) Kantor : papan kanggo nyambut gawe
- 2) Pasar : papan kanggo dol linuku barang
- 3) Sawah : lemah kanggo nandur pari, palawija, kayu sengon, lsp
- 4) Pelabuhan : papan kanggo mandhege montor mabur
- 5) Tambak : papan kanggo ngingu iwak

Pratelan kang bener dituduhake nomer

- A. 1,2,5 C. 1,3,5
- B. 2,3,4 D. 2,4,5

18. Pakaryan ing rumah sakit yaiku ...

- A. dhokter, empu, lan bidhan
- B. perawat, empu, lan bidhan
- C. bidhan, dhokter, lan arsitek
- D. dhokter, perawat, lan bidhan

19. Gatekna tabel iki!

Pakaryan	Panggonan
1. Bakul	a. Pasar kewan
2. Montir	b. Pasar
3. Blantik	c. Alas
4. Blandhong	d. Bingkil

Pasangan pakaryan lan panggonan sing bener yaiku

- A. 1b, 2a, 3d, 4c C. 1a, 2d, 3b, 4c
- B. 1b, 2d, 3a, 4c D. 1a, 2c, 3b, 4d

20. Papan kanggo nambani wong lara TBC arane

- A. rumah sakit C. klinik
- B. sanatorium D. puskesmas

7. Among tani nyambut gawe ing
8. Guru nyambut gawe ing
9. Apoteker nyambut gawe ing
10. Koki nyambut gawe ing

C. Wangsulana kang patitis!

1. Kantor bank kuwi ngurusi wong nyelengi dhuwit. Sapa wae entuk nyelengi, klebu bocah sekolah. Nyelengi ing bank kuwi aman lan oleh anakan.

Pakaryan apa wae kang ana ing kantor bank? Tulisen 3 wae!

Wangsulan:

2. Rini kepengin dadi filatelis, Siti kepengin dadi numismatis.

Coba jlentrehna, apa tegese filatelis lan numismatis kuwi?

Wangsulan:

3. Dina Setu, Bima lan Bagas melu kagiyatan nyangkok wit salak. Anakan salak sing arep dicangkok diresiki papahe sing garing. Lemahe sing kanggo nyangkok dicampur rabuk. Papah garing diwenehi rabuk lan dibungkus nganggo bumbung pring. Supaya bakoh, bumbung pring ditalini kawat.

Gawea ukara pitakon nganggo tembung:

- a. Sapa
- b. Kapan
- c. Kepriye

Wangsulan:

4. Aranana 3 pakaryan kang ana ing sekolahan!

Wangsulan:

5. Aranana 3 panggonan makarya kang arupa bangunan permanen!

Wangsulan: